*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

**№45 (60565) * 2020 с. * 30 ноябрь * 15 рабигIул ахир * 1442 с. * итни ***

## Росабалъе сапар





**Гьаб соналъул 24 ноябралда районалъул бетIерасул ишал тIуралев М. ТIагьиров, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. ГIумаров хIалтIулаб сапаргун щвана МагIлиб ва Мурада росабалъе.**

МагIлиб росулъ гьел щвана лъайкьеялъул учреждениязде ва участкаялъулаб больницаялде. Республикаялъул «I00 школа» программаялда рекъон МагIлиб гьоркьохъеб школалда гьарулел ремонталъулал хIалтIабазухъ балагьана. Щвана гьединго гьаб соналда ремонрталъулал хIалтIаби гьарураб ясли – ахалде, балагьана футбол хIалеб ва лъималазул площадка гьабизе хIисабалде босун бугеб бакIалде. Гьениб рехсей гьабичIого гIоларо футбол хIалеб площадка гьабиялъул хIалтIаби гьениб байбихьун руго.

МагIлиб участкалъулаб больницаялда цIех – рех гьабуна эпидемиологияб ахIвал – хIалалъул, дарабаздалъун хьезариялъул ва гриппалда данде вакцинаби гьариялъул хIакъалъулъ.

Мурада росулъ щвана ясли – ахалде ва интернаталде. Интернаталъул директорасул гьариялда рекъон хIукму гьабуна санитарияб узел ва душевоял гьаризе проекталъулгун ва сметаялъул документал хIадур гьаризе.

КIиябго росулъ дандчIвана педагогазул коллективгун. Гьоркьоб лъун хал гьабуна лъайкьеялъул бугеб ахIвал – хIалалъул, роспотребнадзоралъул тIалабал тIураялъул. Гьединго дандчIваязда гьоркьоб лъуна бачIунеб соналда ДАССРалъ I00 сон тIубай кIодо гьабиялъул хIакъалъулъ суалги.

**Суратазда**: Сапаралда




## ГIакIаби кьезе ккола

Общественниял бакIазда гIадлу – низам хвезе гьабуралъухъ: хъалиян бухIун, пиво гьекъон, гIиси – бикъинал нухазда хьвадиялъул низам хвезе гьабуралъухъ нилъер районалъул гIадамазда тIад гьарурал административиял протоколазул цогидал районаздаса, шагьараздаса сияхIал рачIуна районалъул жанисел ишазул отделалде гIакIаби тIалаб гьабизе. Гьел ракIариялъе бихьизабураб заманги чIезе гьабун буго 70 къо.

Гьеб заманалда жаниб гIакIа кьечIев чи ахIула судалде, гIакIаялъул къадар кIиго нухалъ цIикIкIине гьабула ва гьеб бакIарарлъухъ судалъул приставазги цо къдаралъул гIарац босула.

Гьедин ккечIого букIине жидеда гIакIаби ругел районцояз гьел жиндир заманлда кьезе жигар бахъани лъикIаб букIина.

**М. ГIУСМАНОВ**
**Хьаргаби РОВДялъул административиял законал тIуразариялъул инспектор**

## Подписка - 2021

**ХЪВАЙ ГЬУДУЛЗАБИ, НИЛЪЕРГО РАЙОНАЛЪУЛ «ЦЕРЕХУН» ГАЗЕТА.**

**ПОДПИСКА ГЬАБИЗЕ БЕГЬУЛА ПОЧАЛЪУЛ ОТДЕЛЕНИЯЛДАГИ РЕДАКЦИЯЛДАГИ.**

### БОКЬИЛИЦ НУЖЕЕ

- Районалда ругел цIиял харбал рагIизе?
- ГIагараб ракьалъул тарихги, умумузул къисматги лъазе?
- Исламияб диналъул дарсал цIализе?
- Лъималаз гIелмуги гIолилаз насихIатги босизе?
- Махсаро - хочIалъ ракIал реэдизе?
- ЛъикIал малъа-хъваяз махщел камил гьабизе?
- Нилъерго мацIги, цIарги, маданиятги, адабиятги цIунизе?

**Батани, хъвай гьеб кинальулго матIу-жибго бечедаб, багьа учузаб нилъерго «Церехун» газета.**

### ГАЗЕТАЛЪУЛ БАГЬА:

**ЛъагIалие:**
Почалдасан – 480,94 гъур.
Редакциялдасан – 240 гъур.

**Бащдаб лъагIалие:**
Почалдасан - 240.48 гъур.
Редакциялдасан – 120 гъур.


Ассаламу гIалайкум!
ЦЕРЕХУН
ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»
№35 (60555) * 2020 с. * 28 сентябрь * 11 сафар * 1442 с. * итни *

Ассаламу гIалайкум!
ЦЕРЕХУН
ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»
№12 (60532) * 2020 с. * 23 март * 28 ражаб * 1441 с. * итни *

*Жидерго хур – ахги, магIишатги, мина – къайги рехун тун, жидергоги, хъизан – лъималазулги рухIалдаги барахщичIого, тIадегIанав Аллагь разилъиялъеги, Дагъистаналда ислам цIуниялъеги, халкъалъул эркенлъиялъеги гъазаваталде рахъарал нилъер умумул ракIалде щвеялъе.*

# Хьаргаби росдал тарихалъул тIанчал



**Дида лъаларо, кинаб цIар гьалда лъелебали: тарихияб очеркищ, биценазул квацIийищ яги цогидабищ... Дир аслияб мурал буго, нилъер умумузул биценал къалмикье роси ва «Хьаргаби» абураб рагIи рагIарав чиясе гьеб росдал хIакъалъулъ дагьабниги баян щвей. Дихъа бажарилаан, гьаб къиса хъвалеб мехалда, тарихалъул гIалимзабазул хIалтIаби рехсон, амма дица гьеб гьабиларо – гьелде хIажалъи ккарав чияс гьеб жинцаго цIалила. Дица хъвалел руго дир кIудияв инсудасаги росдал харабзадасаги рагIарал ва церего кагътиде росун рукIарал биценал. Руго гьанир граждан рагъул гIахьалчи, тумав, полковник Пашаев МухIамадханицаги, араб гIасруялъул 50-абилел соназда тарихалъул учительлъун Хьаргабив хIалтIарав жиндир мунагьал чураяв ЧIохъ Коммунаялдаса Гъазица рицарал харбалги.**

Биценазда рекъон, Хьаргаби росу лъугьун буго хьергебдерил расалъиялдаги гIагарлъухъ ругел кулабаздаги гIумру гьабун рукIарал гIадамал цо бакIалдеги руссун. Дагъистаналде гIарабал рачIун хадуб, жидеего бокьун, ислам къабул гьабун буго гьез ва, гIарабаз малъухъе, гочун руго гьабсагIаталда ЧIунтараб росуян абулеб бакIалде. Цебеккун гьениб гIумру гьабулеб букIун буго багIарбакъдасез. Гьенире гочунаго, бан буго чанго сон.

Кинабниги данделъун букIун буго 20 росдал жамагIат.

1. **БагIарбакъдасезул** – ЧIунтараб росу бугеб бакIалдаса;
2. **Миккилазул** – КъаралгIурул кваранаб рагIалдаса, Курми росдада дандбитIун;
3. **Махилазул** - КъаралгIурул квегIаб рагIалалдаса, Курми росдада аскIоб;
4. **Мухтарилазул** – ЗутIхъала магIардаса (Сулдахъ мегIер Мухтарилазул парсал);
5. **Уллуязул** – Ули абураб бакIалдаса (гьанжесеб Хьаргаби росдада гIагарлъухъ);
6. **Багъдаколо** – Бокьмолазул тухум, (БагIаркьоде щолеб бакIалда);
7. **Барбаразул** - Дебалъ абураб бакIалда (добго бакIалъул кваранаб Рахъалда щобда);
8. **Квасилазул** – Квасукь магIарда (рехсарабго бакIалда, амма жеги эхедегIан);
9. **Беццилазул, НургIалилазул тухум** - Гъоркь магIарда (Зуберха мегIералъул ахада);
10. **Гагилазул –** ИсмагIилил ХIамзалал – ТIадмагIарда
11. **Пахилазул** - Пахълиб магIарда тIад, Зуберха мегIералъул кваранаб рахъалда;
12. **ПохIтIосезул** - Загьидил МухIамадил гохI;
13. **ГIакъвакъилазул** – ГIачиарада абураб авалалда нахъа;
14. **Хьарагишазул** – ХьитIимархьуда (БахIтIури мегIералъул ракьанда);
15. **МахIахIазул** - Базикъалисезул - Росдал КIкIалахъ;
16. **Хъуткулазул** - Хьунда мегIералда, Хъуппа росдал гIорхъода гIагарлъухъ;
17. **ГIорболал** – гьанжесеб мадрасаялда аскIоб;
18. **ХьашкIилазул ва МухIамадбегилазул** – БахIтIури магIарда;
19. **Инусилазул** – Жаржаби НатIаб арада, базаралдаса дагьалъ добегIан;
20. **Хьарцилазул** - Хьациялда, Хважалмахьи росдал гIорхъодехун.

Миккилазулги Махилазулги тухумазда абулаан ХьахIичулал абун.

ГьабсагIаталдаги ратула умумузул росаби рукIарал бакIазда чIвадназул хутIелал. Бищун кIудияб букIана Пахилазул тухум.

Росдал хераз бицунаан, Хьаргаби росу лъугьанин Х гIасруялда цо – цояз абула XI – XII гIасруялда ян абун. ЦIияб росдал букIун буго кIиго авал: ЦIаматIа ва Бурзанахъа.

Лъабго батIияб пикру буго Хьаргаби абураб цIар росдае кьеялъул хIакъалъулъ. Загьир ГIалиевасул пикруялда рекъон, Инусилазул тухумалъ гIумру гьабулеб букIараб НутIущуниб бакI абураб хьибилалъул ахада бугеб Жаржаби НатIаб арада абураб бакI букIун буго гьайбатго берцинаб: мегIералъул хьитIазда бижулеб жуба-гъубараб керчаб рохьги, кIкIалал аххадасан чвахулеб лъарги. Заман анагIан, къотIун дагьлъун буго рохь ва гьелдаго цадахъ бакъвалеб букIун буго лъарги. ЦебечIун буго гIумруялъе санагIатаб бакI балагьиялъул, ай цIияб бакIалде рахъиналъул масъала. Гьезул мацIалда букIун гьечIо «лъ» гьаракь ва гьез «лъаралда» абулеб букIун буго «хьар», «лъарде» (ай лъар бугеб бакIалле) абулеб букIун буго «хьардеян».

Лъарал рагIалда ругел БагIарбакъдасезул абураб бакIалде гочарал гьез абулеб букIун бугила Хьардеян ва гьелдаса лъугьараб буго Хьаргаби абураб рагIигиян абулеб буго Загьирица.

ГIали ГIазизовасул пикруялда рекъон, «Хьаргаби» абураб цIар бачIун буго «Жаржаби» абураб рагIудасан. Лъабабилеб пикруялда рекъон (гьеб ритIухъ гьабула, гIемерисез), Хьаргаби бачIун буго «хьарал» (ресалда ругел) абураб рагIудасан. Гьеб пикру битIараб бугин рикIкIуна дицаги. Руго гьелъие гьадинал гIиллабиги.

КIудияб Хьаргаби росу гIуцIун хадуб жамагIаталъе рес щвана росдада сверухъ ругел гIемерал ракьаздаса пайда босизе, МугIрузулаб Дагъистаналъул цогидал регионазде дандеккун, росдал магIишат цебетIезабизе. Гьел рекьулаан, гьениб боцIи хьихьулаан, гьениса хер бецулаан. ГIуцIун букIана ракьал лъалъалеб къагIида – хасал каналалги рухъун; чIана ахал. Гьел ракьаздаса лъикIаб хайирги щун, ресалда рукIана гIадамалги. Гьезда абулаан «БагIарбакъдасезулал» яги хьарал гIадамаз гIумру гьабулеб бакIилан.

Гьелде тIадеги, 1950-абилел соназда Хьаргаби росдал школалда тарихалъул учительлъун хIалтIулев вукIарав Гъуниб районалъул ЧIохъ Коммуна росулъа Гъазихъан дихъе щварал хъвай-хъвагIаязги тасдикъ гьабулеб буго «хьарал» абураб рагIудаса лъугьин. ТIоцебесеб нухалда дир тукаде вачIараб мехалда гьесда бихьана къадада бараб нижер тухумалъул кIудияв чи МуртазагIалил ГIумарил сурат (гьавуна 1880 соналда). Араб гIасруялъул 50-абилел соназда гьевги хIалтIулев вукIана школалда хъаравуллъун. Гъазица бицана, ГIумар-кIуди кколин Хьаргаби росдал хIакъалъулъ жиндие тIоцересел баянал рицарав чиян абун. «Дол соназда дун щвана хьергебдерил киналго чIахIиял чагIазухъе ва щивасда цIехана росдал тарихалъул баянал», - ан бицана гьес. Хьаргаби районалъул хIакъалъулъ тIехь хъвазе бугинги абун букIана гьес.

Буго ХьахIичулазул тухумалъул хIакъалъулъ гьадинаб бицен. Миккилаздаги Махилаздаги гьоркьор кидаго рукIунаанила бидулал тункагIусиял: цоцазул руччаби, лъимал ва боцIи хьамиялда бан. Миккилаз аслияб къагIидаялда гIезабулаанила тIорщел ва гьезие хIалухъиналъул лъикIаб бачIинги щолаанила ва чIагIаги хIадурулаанила гьез. Махилазулги букIун буго гьединабго магIишат амма гьезул гIи-боцIи дагьаб букIун буго.

Цо нухалда гьез хIукму гьабунила рекъел гьабизе ва, кодоб ярагъ гьечIого, росабазда гьоркьосеб бакIалда дандчIвазе. Гьеб ккола КъаралгIурул рагIалда бугеб къварилъухъ, Курми росулъе лъугьунеб бакI.

1990-абилеб соназда гьениб букIана базар. Миккилаз цадахъ бачIун буго чедги чIагIдал хъубиги. Амма, гьабураб къотIуеги хилиплъун, хъубузда жанибги бахчун, цадахъ росун рукIун руго хунжрулги. Махилаз хьун буго боцIи ва квана-гьекъолаго, кIиябго тухумалда гьоркьоб нахъеги ккун буго къал. Гьебмехалда, бахчаралъуса ярагъги бахъун, Миккилаз чIвазе байбихьун буго Махилал. Гьелдаса нахъе доб бакIалда рекIана Хьубазул кIалтIу абураб цIар.

**ХIамзат МАХIМУДОВ**
**Хьаргаби росу**

*29 ноябрь – Эбелалъул къо*

# ЭБЕЛАЛЪУЛ КЪО

**Эбелалъул къо-гьеб ккола халкъазда гьоркьосеб улбузул хIурматалда кIодо гьабулеб байрам. БатIи-батIиял улкабазда батIи-батIиял къояз кIодо гьабула гьеб байрам. Россиялдайин абуни «Эбелалъул къо» кIодо гьабизе байбихьана I998 соналдаса нахъе ноябрь моцIалъул ахираб гIодобкъоялда.**

Эбел, унго, гьеб рагIул недегьлъи, хIеренлъи, гъварилъи, къвакIи, къохIехьей. Бугебдай эбелалъ хIехьоларебги, гьелда бихьуларебги жо дунялалда.

**Эбелалъул гьумер...** ГьечIо дунялалда гьебгIан гвангъараб, гьайбатаб, берцинаб сурат. ЗахIматал лахIзатазда гьеб сипат цебе тIамуни, тIагIуна чиясул чорхолъа свакги, ццинги, хъачIлъиги, хъантIиги. Гьелъул бакI ккола сабруялъ, сахаватлъиялъ, рахIму-цIобалъ. Гьеб заманалда эркенлъула квешал къасдаздаса, къваригIел гьечIеб жахIда-хIусудалдаса.

**Эбелалъул кверал...** Гьез бежараб чадил тIагIам тIубараб гIумруялъ лъугIуларо лъимадул мацIалдаса. Эбелалъ ботIрода бахъараб кверальул хIеренлъиги хинлъиги хутIула херлъараб мехалъги чиясул ракIалде щвеязулъ. Гьел хъахIал, недегьал кверaз кIикIуна лъимадул кини.

Кинида лъимер лъураб къоялдаса байбихьун эбелалъ васазе ахIула гIаданлъиги бахIарчилъиги гьорлъ бессарал, захIматалде рокьи бижизабулеб, гьел куцалел, ритIухъаллъун рахъине квербакъи гьабулел кучIдул. Рицуна гIажаибал, батIи-батIиял маргьаби. Гьелъги батила магIарул росабалъ лебалал, къвакIарал, къо хIехьезе бажари бугел васал гIун рачIунел.

Кинида лъурай ясалъе эбелалъ ахIула яс хIеренай лъугьине, меседгIан яцIцIадай йикIине, вацазулги инсулги адаб бугей яхъине, чIахIиязе кидаго кумекалъе щолейлъун яхъине кучIдул. Эбелалъул хIакъалъулъ кечI хъвачIев шагIир ватиларо дунялалда тIад. Киналго шагIирзабаз ахIулел руго улбул цIунизе, гьел рокьизе, гьел рази гьаризе.

КигIан гIакъилав, кигIан машгьурав чи мун лъугьаниги, кIочонге, дур битIккеязулъ дур бергьенлъабазулъ эбелалъ лъураб бутIаги букIин.

Нилъеца абула эбел-ВатIанин. ВатIанги эбелги цо гурони рукIунареблъи лъаларев чи щивха ватилев. Цогидаз кидаго гьел хисулареблъиги лъалелъул щивав инсанасда, гьитIинасдаги, кIудиясдаги.

Бищунго цебе эбелги ватIанги рехсола чияс. Гьел кIодогьаруралгIан живго кIодолъулевлъи лъан. Гьел разилъанагIан живго вохизе вукIин бичIчIун, гьел бечелъанагIан живго лъикI вукIуневлъи лъан.

Лъимер унтизегIан жийго унтизе хIадурай, жийго якъун лъимер хьихьизе къачIарай, гьелъие гIоло гIумруялъ хIалтIулей, хIеренай, хIалимай йиго щивасул эбел. ЦIуне лъимал, нужеца улбул!

Эбелалъул хIатIикь батулин нужее алжан!

**Расул ХIамзатов**

## *Даимай эбел*

Мех-мехалъ ккола дида:
Гьаб дир каранда жаниб
Кини кIикIулей йигин
Дир даимай эбелин.
Гьеб кинида дун вугин,
Эбел гьарделей йигин:
Паракъалъе, дир васин,
ГIодой виччай, дир васин.
Цинги ракIалде ккола:
Гьаб дир каранда жаниб,
Кинида дунги хисун,
Дир лъимал регун ругин.
Гьезда тIадеги къулун,
Къваридай эбел йигин:
Хъудуге, дир лъималин.
Паракъалъе, лъималин.
Гьадин ккола кидаго:
Гьаб дир каранда жаниб
Кини кIикIулей йигин
Даимай мискин – эбел.
Гьеб кинида дун гурев,
Дуниял бугин бегун
Хъудулебгун гIодулеб,
ГIасиябгун пашманаб;
Гьелъул киниги кIикIун,
Гьарделей йигин эбел:
Паракъалъе дунялин,
ГIодоб биччай дунялин.

---

**ГIалихIажи МухIамадов**

## *Эбел*

Эбел, мун гьечIого гIумрудул сонал
Хехаб гIор кинигин, уна гIедегIун.
Эбел, баракатги, рахIат-хIалхьиги
Мун камидал, гьечIо гьаб ракьалда дий.

Эбел, мун къанщигун, къварилъабаца
Кьола дие салам, бала гьоболлъи.
ДугIадуй ккурал дур кверал камигун,
Унтаби, гIузраби дилъ гIемерлъана.

Дида мун йихьула хурул ракьанда,
Надалда гIетI барай, гIодойги кIусун.
Рахъ-рахъалде арал лъималахъ урхъун,
Росулъе бачIунеб нухде ялагьун.

Дида мун йихьула, рогьел кунчIигун,
ГIодор накаби чIван какикь жоялда,
Йихьула къваридаб бакъанги тIамун,
Къуръанул аятал ахIун цIалулей.

Дида мун йихьула бакъул риидал,
БакIаб харил магьалъ къулизаюрай,
Дида мун йихьула хIалтIи гIемерай,
ГIедегIун ячIуней, хIалакун уней.

Нижер тIинаб рохел мегIерлъун ккурай,
Нижер ракIбакъваяз къварид гьаюрай,
Нижер ургъалабаз макьуги хъамун,
ХъахIлъи рехизегIан хивалалъ йосун.

Росдал хабалазда дур ганчIил зани,
Къварид балагьула дихъ, мун кинигин.
Дир гъуждузда лъурал дур кверзул хинлъи
Хисулеб щибниги батичIо дида.

Дида мун йихьула, хирияй эбел,
Хвалида кIвечIо мун дихъа яхъизе.
Харилъ тIерхьун зани, гIекколеб дир ракI,
Данд чIвалин хирияй, ахираталда.

---

**ЖабрагIил ХIасанов**

## *Эбел*

Дуда эбелалъул берал рихьичIищ,
Балагьун гIорцIичIел гIумруялъго духъ?
Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,
Кинабго дуе кьун, ракъван тIагIарал?

Дуда эбелалъул гьумер бихьанищ,
ГьитIинлъун тIагIараб дур тIалабаца?
Дуда эбелалъул угьи рагIанищ,
Гьаб дуниял цIураб, цIилал соролеб?

Дур хIухьелалъ гуреб хIал жиндир хьвачIей,
Дур каламалъ гуреб керен хинлъичIей.
Дудалъун гурони канлъи бихьичIей,
Кинабго дуниял дуй гIоло кьолей.

Мун – гьелъул чохьонив, каранда гIурав,
Мун – гьелъул мугъалда мегъал сверарав,
Мун – гьаналъул ругIел, гIадан лъвинегIан
Дур кини хьвагIарай гIазизай эбел.

Мун гъолде вагъула лъадуда божун,
Гъолъ хвалил гIазабакь гьавурав гIадан,
КIалъала... мун гъолъул ургьиса гурев,
Лъова зобалахъа рештIарав гIадин.

Мун гьелъухъе щола гьобол киниги,
Мун – гьелдаса тIураб гьаналъул бутIа.
Бицуна дуцаго кьураб жоялъул,
Дуниял кьуралда, гIумру кьуралда.

Мун кванараб мехалъ гIорцIулей эбел,
Дудаса дур ургъел батулей эбел.
Мун квачараб мехалъ гIунулей эбел,
ГIузраби дур рихьун, херлъулей эбел.

Эбелилан абун Аллагьас йижун,
Ракьалде биччараб бичасул хIикмат,
Мун вихьараб мехалъ кIудияй гIолей,
Дуца тараб мехалъ гьитIинлъун уней.

---

**Зарема МухIамадова**

## *Эбел*

Чанги къварилъабаз къвал барай эбел,
Къулула дуй бетIер тIолго гIумроялъ.
Чанги гьаб ракьалда кьогIлъи бихьарай,
Кьола дуй баркала дур ясаз-васаз.

Эбел дур каранзул кIутIи рагIидал,
КIудияб бигьалъи щола ракIазе.
Мун каранде къайдал къвал дуда байдал,
Къуватаб асаралъ росула кверде.

Дур кверазул хинлъи харбил гьуинлъи,
ГьечIо гьеб гIадинаб ниж гIащикъаб жо.
Дур рекIел рокьиялъ рокьул кутакалъ,
Кьун буго ракьалда нижей чIаголъи.

Эбел мун гIадинаб цойги хазина,
ГьечIо дунялалда дур лъималазул,
Мун йиго нижее беразе канлъи,
Мун йиго нижее рекIее рохел.

Дуца гьанжелъагIан лъимал хьихьана,
Гьанже лъималаца цо мун хьихьила.
Нижер баба йилан карандеги къан,
ЦIунила мун эбел нижеца даим.

Мун йигеб рукъалда бугеб баракат,
КваначIого нижер ракIал гIорцIулел.
Дур кверазулъ бугеб кутакаб къуват,
Нижер къварилъаби къвал бан чучулеб.

Эбел дуе гIоло гIумруги кьела,
Бокьани чорхолъан рухIги бичила.
Нижеего бащад бикьараб рокьи,
Ракьалда дуй эбел нахъе бецIцIила.

Аллагь дуде гьари гьаб ракьалда тIад,
Нижер эбел даим цIунун хьихьеян.
Къварилъи лъачIого унти чIвачIого,
ЧIаго тейилан гьей нижеда нахъа.

---

## *Эбелалде*

Дие гIумру кьурай, кини кIикIарай,
ХIеренго кинидахъ кучIдул ахIарай,
Макьу тун, хIалхьи тун, дун гIезаюрай,
ХIасратай, хIеренай, баркала эбел.

Дуца гIумруялда барахщичIого,
ГIезе гьаруна ниж гIисинал тIанчIи.
БичIчIула, гIезегIан захIмат бихьана.
Мискинлъи, язихълъи лъазе теларин.

Гьунар гурищ, эбел, хасалил сардилъ,
Дунял рогьилалде тIадеги яхъун,
РикIкIаде школалде ниж тIоритIизе
Хинаб квенги гьабун, мун хIадур яти.

Доб мехалъ букIинчIо гьанже киниги
Я токалъул чирахъ, гьединабго печь.
Керосинка бакун, квеналги гьарун,
ЩайтIанчирахъ бакун букIана яшав.

ГIагарай дир эбел, мун тIаса лъугьа.
ТIадаб дирго налъи тIубазе щвечIелъ.
РикIкIаде ккана нилъ къисматалъ рачун,
Дургун дандчIваялги дагьлъулел руго.

Эбел ана заман, сверана къоял,
Гьанже дур тIанчIиги улбул рахъана.
Дуца дие кьураб тадбир, малъа-хъвай.
Дица дираздего сверизабуна.

*сахлъи – инсанасул бечелъи*

# Чакрил унти бугезе малъа-хъваял

**Чакрил унти ккола рекIкIаб, инсанасул гIумруялъе жиндир хIинкъи цIикIкIараб гIузру. Гьелъ чорхолъ киса-кирего кьалбал риччала, тохтурзабахъе инчIого, анализал кьечIого гьеб тIатинабизеги захIмалъула. Амма гьеб унти чорхолъ букIиналъул гIаламатал гIезегIан руго: черх санагIалъи гьечIого, рахIат хун лъугьуна, гьеб хехго свакала, кIвахI речIчIула, кьижаризарула, кIал-мацI бакъвала, лъим гIемер гьекъезабула, бакI-бакIалдаса тIом букарула (зуд), хIатIал цIорола, гIемер кIущезарула, хIалакълъула, махIабазул ва рукьабазул ччорбал рукIкIинарула, беразул канлъи дагьлъула, ругъун хехго сахлъизе толаро, кIващул нухазда инфекция ккезабула, чорхол гьава дагьлъула.**

Чакрил унти бугел сах гьаризе кIолел щвалде щварал дараби жеги ратун гьечIо. Гьелда тIад гIалимзаби жакъаги хIалтIулел руго. Гьеб унтуца инсан ворчIизе виччаларо, амма буго цо сабаб гьеб унти бугезе берцинго гIумру гьабизе рес кьолеб. Чакрил унти бугесул букIине ккола: «Дица диетаги цIунила, инсулиналъул уколал гьарулел ратаниги, таблеткаби гьекъолел ратаниги, кьуричIого гьезул тартибги цIунила, чорхое тимарги гьабила, щибаб къоялъ сагIатгун бащадалъ бацIцIадаб гьаваялдаги хьвадила», - ян абураб щулияб нигат.

Гьеб унти къабул гьабизе ккола, гьаб дие Аллагьас битIараб сайигъат бугилан. Унтарас жиндирго черхги напсги квегъизе ккола. Гьес цеве чIезавизе ккола гьалагаб барти квегъулев чотIахъан, нагагь гьес чодул кIалда махх чучизе биччани, чIолорхъо дализе тани, гьелъ гьев гьалаг гьавула. Нилъецаги нилъерго черхалда бараб чIолорхъо цохIо къоялъги чучизе биччазе бегьуларо. Биччани, гьелъ сахлъизаризе кIоларел унтаби тIаде цIала. Черхол цохIониги лага гьечIо гьеб унтуца кьаби щвезабулареб. Гьелъ рачуна беццлъиялде, хIатIазул, кверазул килщал къотIизе ккеялде, кIварщул нухазда унтаби ккеялде. Къокъго абуни, диабет ккола цогидал унтабазул цебехъан. Чакрил унтуца чорхое кьолел гIазабазда гьоркьоса бищун захIматазул цояб ккола чорхол батIи-батIиял бутIабазда ругел гIисинал бидурихьал (капилярал) гьелъ хвезари, гьелдалъун ккезе бегьула катаракта. Гьелъ кьаби щвезабула ургьисалабазда, гьезул хIалтIи загIиплъизабула, цинги гьелъ кIварщул унтаби ккезарула (уремия).

ХIатIазул килщазде унел бидурихьал цин къварилъун, цин гIатIилъун лъугьуна, гьенибе унеб би букIине ккoлеб хIалалда хьвадизе толаро, гьелъул хIасилалда зама-заманалда хIатIал квачала, хадур рухIизарула. Диабеталъ хIатIазул бокьараб бакIалда циндаго ругънал ккезаризе бегьула ва гьел гангренаялде сверула.

Чакрил унти бугеца чара гьечIого цIезабизе ккола дневник. Чорхое инсулиналъул яги таблеткабазул кигIанаб къадар хIажат бугебали чIезабизе кIола дневникалда ругел хъвайхъвагIаязул кумекалдалъун . Дневникалда хъвазе ккола:

1. Щибаб кванда цебе ва кванаралдаса заман ун хадуб чакрил къадар.

2. КигIан ва кина - кинал квенал кванаралали.

3. Давление, температура, пульс.

4. Сардилъ макьу кинаб букIарабали, къо кин тIобитIарабали, зарядка кида ва кигIан заманаялъ гьабурабали, бацIцIадаб гьаваялда кигIан мехалъ хьвадаравали.

Лъабго моцIица цIезабураб дневникалъ кумек гьабизе буго, тохтурасда дандги бан, диабеталде данде рагъ базеги чорхолъ чакрил къадар рукIалиде бачинеги.

Диабеталъ унтараз чакрил роцен борцунаго хIисабалде росизе ккола гьал хадур рехсарал малъа-хъваял:

1. ТIоцебе сапунги бахун хинаб лъеца кверал чурила, рацIцIина ва ракъвазарила. Спирталъ яги гьелда релълъараб цоги растворалъ рацIцIине лъикIаб гьечIо, гьез анализал мекъи рихьизаризе бегьула.

2. Килщил бакьулъа би баккизабизе лъикIаб гьечIо, гьеб босизе ккола килщил хьолбодехуниса. Гьеб бахъизеги лъикIаб буго кверзул гьитIинаб килщидаса, бакьулъ килщидасаги буртIин килщидасаги бахъизе бегьуларо.

3. Тест-полоскаялда би хъвазабулелъул гьеб гьениб жужазе биччазе бегьуларо. Кверал сородулев чиясе гьеб хъизан-лъималаз ялъуни цогидал аскIор ругеца гьабизе ккола.

Тест полоскаби багьаял жал ругелъул, гьел гIемер хвезаричIого рукIине, кIиго бутIа гьабун бакьулъа къотIизе бегьулилан хъван буго тIахьазда.

Чакрил унти бугезда лъазе ккола гьукъарабщинаб жоялдаса жалго цIунизе. ТIоцебесеб иргаялда гьез инкар гьабизе ккола чакар-конфетаздаса ва крахмал гъорлъ бугел жалаздаса. Унтараз цIунизе ккола диета. Хасго кваназе бегьуларо кьарияб гIиял гьан, бежараб гьан, ччугIа, картошка, хъахIаб чед, пиринчIул карщ, ролъул хинкIал, цIибил, кишмиш, ахбазан, курак (хасго бакъвазабураб), чIахIияб хурма, чамасдак, инжир, гьоцIо, мурапаби, чакарги гъорлъе бан ххараб хьон, гьелъул гьабураб урба, булкаби, пирогал, цIурачадал, пирожниял, печеняби, макаронал, бананал, овощазул солениял ва консерваби (помидоразул, охцералъул), сгущенное молоко, гьан гъорлъ бугел пирогал, сосискаби, колбасал, гIанкIуялъул гьанада тIад букIунеб хъал, кинал рукIаниги кьаралъаби, тIатIи, цIамхIалал квенал, бакъвараб гьан, цIурал бакьал, къвакIараб кофе, чай. Бегьуларо бежараб гIурччинлъи (подливалда гъорлъе гьабулеб), майонезал, къанцIа жубараб квен, кетчупал, лимонадал, маринадал, «Кока – кола», «Пепси – кола» гIадал лъимал. Инкар гьабизе ккола мехтизарулебщинаб жоялдаса, хъалияназдаса, сунтI баялдаса.

Чакрил унти бугеца кваназе бегьула 1-2 кесек чIегIераб чадил, дагьаб къадаралда белъараб картошка (хъал бахъичIого), багIаргьалил ва хIегьалил чурпа, борщ, сордо-къоялъе 200 г кьарияб гуреб хIайваналъул, гIанкIудал гьан, цо стакан бетарахь, анкьида жаниб 3 хоно. Кванилъа камизе теларо овощал, нису (30 г), рахь (0,5 л), хIан (20 г), сордо-къоялъе 4 цIекIаб гIеч, 2 кIудияб гъуд тIорахьдал, белъараб ччугIа (80 г).

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО МААЛИ»

*«24» ноября 2020 г.* *№ 01-06/26*

## РЕШЕНИЕ

## Проект бюджета на первое чтение 2021г.

1. Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2021 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 6 032,0 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 6 032,0 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 5 656,0 тыс.рублей согласно приложению 1 к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме 6 032,0 тыс. рублей;

2. Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов классификации расходов бюджета на 2021 год согласно приложению 6 к настоящему Решению

**Председатель сельского Собрания Депутатов МО «село Маали» МАГОМЕДОВА Э.М.**

**РАСПРЕДЕЛЕНИЕ ДОХОДОВ БЮДЖЕТА НА 2021 ГОД ПО КОДАМ ЭКОНОМИЧЕСКОЙ КЛАССИФИКАЦИИ**

| Код бюджетной классификации РФ | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|
| А | В | 1 |
| 000 1 00 00000 00 0000 000 | ДОХОДЫ | 376,0 |
| 001 1 17 05050 05 0000 180 | Прочие налоговые платежи и сборы | 100,0 |
| 182 1 01 02000 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц | 64,0 |
| 000 1 06 06013 10 0000 110 | Земельный налог | 149,0 |
| 182 1 06 01030 10 1000 110 | Налог на имущество ФЛ | 63,0 |
| 000 2 00 00000 00 0000 000 | БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 5 656,0 |
| 001 2 02 01001 10 0000 151 | Дотации бюджетам поселений на выравнивание БО | 5 571,0 |
| 001 2 02 03015 10 0000 151 | Субвенции бюджетам поселений на осуществление ВУС | 85,0 |
| | ВСЕГО | 6 032,0 |

**РАСПРЕДЕЛЕНИЕ БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ НА 2021 ГОД**

| Наименование показателя | Функциональной классификации расходов бюджетов РФ | | | | сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| | Рз | Пр | | ВР | |
| 1 | 3 | 4 | | 6 | 7 |
| Общегосударственные вопросы | 01 | 00 | | 000 | 1 887,0 |
| Функционирование высшего должностного лица субъекта РФ и муниципального образования | 01 | 02 | | 000 | 470,0 |
| Функционирование высших исполнительных органов государственной власти местных администраций | 01 | 04 | | 000 | 1 417,0 |
| ВУС | 02 | 03 | | 000 | 85,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 05 | 00 | | 000 | 3 053,0 |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | | 000 | 753,0 |
| Благоустройство | 05 | 03 | | 000 | 2 300,0 |
| Культура | 08 | 01 | | 000 | 907,0 |
| Физкультура и спорт | 11 | 01 | | 000 | 100,0 |
| ИТОГО | 00 | 00 | | 000 | 6 032,0 |

## лъазаби

**Компания ищет мужчину партнёра, который сможет организовать в регионе сбор жира сырца говяжьего, бараньего, конского как от населения так и от организаций.**

**Объём жира сырца нужен круглый год и на постоянной основе. Рассмотрим любые варианты.**

**Все вопросы и предложения обсудим по телефону 89053105710 ( Талгат)**

**Всегда на связи с вами .**

**Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIияял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**

**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 26 ноября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00